



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN YON PWOJÈ REYABILITASYON LOTISMAN
LOJMAN BON MACHE KI KOUTE 67 MILYON DOLA NAN UTICA**

Konstriksyon an kòmanse nan Apatman Olbiston yo

***Renovasyon bilding apatman delabre ki gen 124 ran an pral kreye 153 fwaye
modèm ak bon mache***

***Modènizasyon yo pral gen ladan yo mezi ki pèmèt fè ekonomi enèji pou ofri fwaye
sen ak san danje epi ki an menm tan kenbe karaktè istorik bilding nan***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse reyabilitasyon ak modènizasyon 67 milyon dola a kòmanse nan Apatman Olboston yo nan Vil Utica. Lotisman istorik la pral gen anpil renovasyon ladan apre Vil Utica te fèmen li lane pase poutèt gwo pwoblèm sekirite nan bilding 124 ran an. Bilding yo refè a pral gen 153 apatman bon mache ak san danje ki pèmèt fè ekonomi enèji.

"Restorasyon Apatman Olbiston yo se yon egzanp diferans nou kapab fè nan lavi moun New York yo lè nou travay ansanm pou ranplase estrikti ki kraze ak fwaye ki san danje ak bon mache", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Renovasyon yo nan Apatman Olbiston yo pral sove yon bijou istorik epi kenbe yon rezèv esansyèl lojman bon mache, epi an menm tan ede nou reyalize bi nou yo ki se bilding ekolojik dirab ak anbalavil pi dinamik."

Apatman Olbiston yo fè pati plan Gouvènè Hochul pou tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak estab. Nan Bidjè Eta yo fèk adopte a, Gouvènè a te reyisi jwenn yon nouvo plan lojman konplè sou senk ane k ap koute 25 milya dola, ki pral ogmante rezèv lojman an gras a kreyasyon oswa prezèvasyon 100,000 kay bon mache nan New York, sa gen ladan 10,000 ak sèvis soutyen pou popilasyon frajil yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Bilding estil Nouvo Woman an te ouvè pou premye fwa an 1898 kòm pi gran bilding apatman nan Nò Eta New York e apre sa li te vin sibdivize plizyè fwa pandan 20yèm syèk la. Disi ane 1970 yo, bilding nan te kòmanse deteryore e li te kontinye ap delabre plis toujou. An 2021, yo te evakye rezidan yo lè yon enspeksyon te fin revele kondisyon danjre nan bilding nan, sa gen ladan anpil donmaj dlo nan etaj pi wo yo poutèt yon twati ki te donmaje, fenèt kraze, sistèm ensandi ki pa t ap mache, ak lòt vyolasyon kòd.

Ranplasman andedan bilding nan pral rekonfigire ak modènize tout apatman yo nan konplèks la epi an menm tan kenbe karaktè istorik bilding nan, sa gen ladan atè an mab ki te la depi nan kòmansman an sa fè yon syèk de sa ak òneman nan bwa a nan espas komen yo.

Lè yo fini, Apatman Olbiston yo pral ofri 34 apatman yon sèl pyès, 87 inite yon sèl chanm, ak 32 inite de (2) chanm, avèk nouvo aparèy menaje nan tout inite yo, yon espas kominotè 1,500 pye kare, yon nouvo twati-terras, enstalasyon lesiv sou plas, zòn depo nan tout bilding nan, ak espas vèt deyò. Tout 153 apatman yo ap bon mache pou fanmi k ap touche 80 pousan Revni Medyan Rejyonal la pou piplis.

Reyamenajman bilding nan pral resevwa sètifikasyon Energy Star ak Enterprise Green Communities poutèt itilizasyon plizyè mezi ki pèmèt ekonomize enèji, sa gen ladan yon nouvo izolan pou twati ki bay plis izolasyon, ponp chalè pou klima frèt ki pèmèt ekonomize anpil enèji pou chofaj ak refwadisman tout apatman yo, yon sistèm dlo cho santralize ki soti nan chofben ki gen 98% efikasite, limyè LED nan tout bilding nan, ak aparèy menaje ki gen klasman Energy Star oswa yon ekivalan. Pwomotè konstriksyon pou pwojè sa a se Liberty Affordable Housing, Inc.

Apatman Olbiston yo chita a yon distans apèn 1.6 kilomèt de sant anbalavil la. Konplèks la sou liy otobis lokal yo e li toupre yon makèt, yon famasi, etablisman medikal, gadri, ak yon bibliyotèk piblik.

Finansman pou Apatman Olbiston yo gen ladan 4.8 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzansyon fiskal; Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ki pral jenere 22 milyon dola fon pwòp; ak 16.3 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la te apwouve Kredi Enpo Istorik Eta ak Federal yo ki pral jenere 13.4 milyon dola fon pwòp. Vil Utica te bay 3 milyon dola soti nan Inisyativ Pwosperite Utica a (Utica Prosperity Initiative). Gen yon frè pwomotè repòte ki pote plis finansman.

Komisè Renouvèlman Lojman ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Investisman nan rezèv lojman ki deja la nan eta nou an se yon eleman nesès pou atenn sib ki nan ajenda lojman Gouvènè Hochul la. Investisman New York la ak tèt ansanm li an avèk Vil Utica ak Liberty Affordable Housing pral envèse plizyè ane move jesyon epi remete Apatman Olbiston yo nan eta orijinal yo kòm yon kote pou rete ki bèl, san danje, ak konfòtab. Lè renovasyon yo fini, bilding 124 ran sa a pral ofri 153 fwaye modèn nan yon bilding ki amenaje yon fason dirab ke kominote Utica a pral benefisye pandan plizyè jenerasyon e ki pral kontribye nan yon New York pi ekolojik pou tout moun. Nou remèsye Vil Utica ak Liberty Affordable Housing dèske yo entèvni epi travay ak HCR pou sove sous lojman bon mache enpòtan epi bay rezidan yo nan Utica kay bon kalite yo merite yo."

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la Erik Kulleseid, te deklare, "Pwojè Apatman Olbiston nan montre fason prezèvasyon istorik ap revitalize vil tankou Utica yo. Pwogram Kredi Enpo Istorik la ap atire reyenvestisman nan estrikti istorik yo, ki ede leve ekonomi lokal yo, ofri plis lojman, favorize dirabilite ak prezève patrimwàn vil ak minisipalite nou yo."

Senatè Eta a, Joe Griffo, te deklare, "Sa fè mwen plezi dèske Apatman Olbiston yo nan Utica, ke yo te konsidere yon lè kòm sa ki pi opilan ak elegan men ki vin neglije avèk letan, pral renove, reyabilite ak revitalize nèt. Pwojè sa a pral garanti pwopriyete ki gen enpòtans istorik sa a rete nan kominote a e rezidan ak fanmi yo nan Utica jwenn plis opsyon lojman bon mache ki san danje."

Chèf Egzekitif Konte Oneida a Anthony J. Picente Jr. te deklare, "Apatman Olbiston yo se yon pati endelebil nan listwa rich Utica a e mwen kontan dèske yo pral prezève bilding sa a pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen te desi wè jan li te fin deteryore epi kondisyon vi rezidan li yo pa t akseptab. Konte Oneida te jwe yon wòl enpòtan nan ede rezidan sa yo pandan tan difisil sa a, e mwen kontan ke gras a finansman eta ak lokal, Olbiston pral retounen nan glwa pase li an."

Majistra Utica a Robert Palmieri te deklare, "Rekonstriksyon Olbiston se yon bèl egzanp tèt ansanm ki reyisi ant sektè piblik ak prive yo. Poutèt gwo neglijan ak kondisyon vi inimen, vil la te fèmen Olbiston an 2021. Vil la te pote anpil finansman pase pa Inisyativ Pwosperite Utica a, epi gras a travay an kolaborasyon ak biwo Gouvènè Hochul la ak Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, Liberty Affordable Housing ap revitalize Olbiston ak prezève plis pase 150 inite lojman bon mache. Mwen remèsye tout kolaboratè yo paske se tout kominote nou an nèt ki gayan."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Nan tan kote pri lojman yo wo, sa ankourajan pou wè kreyasyon 153 apatman bon mache anbalavil Utica. Reyabilitasyon Apatman Olbiston istorik yo se yon pwojè ki ta dwe fè fyète moun Mohawk Valley yo. Sa fè mwen plezi wè y ap kite anplas leplis eleman achitekti posib nan bilding istorik sa a. Ogmantasyon rezèv lojman bon mache a nan Utica ekstrèmman enpòtan antan fanmi yo ap pote fado lavi k ap vin pi chè a ki mete anpil estrès sou pòch nou."

###